**Pou Piblikasyon Imedya:** 26/08/2025 **GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL**

# APRÈS REPRESYON KONT VÒL ÒGANIZE NAN KOMÈS AN DETAY, GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE YON DIMINISYON NAN VÒL NAN KOMÈS DETAY NAN VIL NOUYÒK

***Apre ogmantasyon apre pandemi an, vòl nan komès an detay te bese plis pase 12% chak ane nan Vil Nouyòk, epi li te bese 5% deyò Vil Nouyòk***

***Gouvènè a rezève plis pase 40 milyon dola pou ekip espesyalize kont vòl nan komès an detay; li deplwaye 100 polisye Eta anplis pou konbat vòl nan komès an detay***

***Ranfòse pinisyon kriminèl yo, modifye akizasyon vòl yo pou fè moun ki toujou ap repete krim yo rann kont, epi li fè l ilegal pou ankouraje vant machandiz yo vòlè***

***Envestisman san parèy Gouvènè a fè nan sekirite piblik te lakoz yon rediksyon nan fiziyad, touye moun, vòl ak vyolans nan Vil Nouyòk ak atravè tout Eta a***

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul te nan Harlem pou l pale ak lidè biznis lokal yo pou mete an avan pwogrè eta a fè nan batay kont vòl òganize nan komès an detay nan Vil Nouyòk ak atravè tout Eta a.

Apre yon ogmantasyon nan vòl nan komès an detay òganize ki te fèt apre pandemi COVID-19 la, Gouvènè Hochul te anonse nouvo mezi pou frape fò kont krim sa yo, ki enkli plis pase 40 milyon dola pou sipòte inisyativ fòs de lòd ki sible dirèkteman, lwa ki pi sevè pou fè moun k ap agresè yo rann kont, ansanm ak nouvo pwoteksyon pou travayè nan komès an detay ki nan avangad yo. Jodi a, Nouyòkè yo ap wè rezilta nan apwòch konplè sa a, avèk vòl nan komès an detay ki bese plis pase 12 pousan chak ane — yon diminisyon ki prèske rive 5,000 ka — nan Vil Nouyòk, epi 5 pousan atravè rès Eta a.

"Vòl nan komès an detay ak krim ki afekte kalite lavi a pa sèlman frape biznis ki viktim yo — yo afekte tout katye yo. Se pou sa mwen te mete anpil resous ane pase a pou konbat fleyo krim òganize nan komès an detay," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pandan ke chif jodi a montre yon pwogrè enpòtan nan batay kont vòl nan komès an detay, nou p ap fè bak. Mwen rete angaje pou m sipòte biznis nou yo ak travayè yo pou retabli yon sans sekirite ak trankilite pou achtè yo ak pwopriyetè magazen yo tou."

Done sou krim yo montre yon ogmantasyon enpòtan nan krim vòl nan komès an detay imedyatman apre pandemi an nan ane 2022, lè operasyon komèsyal yo te kòmanse retounen nan nòmal. Pou konbat ogmantasyon sa a, kòm yon pati nan Bidjè Eta Ane Fiskal 2025 la, Gouvènè Hochul te siyen lwa inisyativ pou dekouraje krim epi pwoteje biznis yo. Sa yo gen ladan:

- **Ranfòse penalite kriminèl** pou nenpòt moun ki atake yon travayè ki vann an detay pou soti nan yon deli pou vin yon krim. Nenpòt moun ki lakòz blesi fizik sou yon travayè an detay k ap fè travay yo pral sibi nouvo krim sa a.
- **Pèmèt pwokirè yo konbine valè byen yo volè yo** lè yo depoze chaj pou vòl epi pèmèt machandiz an detay ki soti nan diferan magazen pou yo regwoupe nan bi pou yo rive nan yon limit ki pi wo lè yo vòlè yo nan kad menm konplo kriminèl la.
- **Fè li ilegal pou ankouraje vant machandiz yo vòlè** pou ale dèyè vandè twazyèm pati yo. Y ap jwenn yon moun koupab si li itilize nenpòt sit entènèt oswa kote fizik pou vann machandiz yo vòlè yo.
- **40.2 milyon dola** pou Ekip kont Vòl nan Komès an Detay ki devwe nan Lapolis Eta a, Biwo Pwokirè Distri yo ak fòs de lòd lokal yo, ki gen ladan 100 pèsonèl Lapolis Eta Nouyòk ki devwe pou konbat vòl nan komès an detay òganize.
- **5 milyon dola** yo bay pou ede soulaje fado sou ti biznis yo pou mezi sekirite adisyonèl. Finansman an bay yon kredi taks 3,000 dola pou nenpòt ti biznis ki depanse kantite lajan limit la nan mezi prevansyon vòl nan komès an detay.

Apre dènye envestisman Gouvènè Hochul yo, Eta Nouyòk kounye a sou bon wout pou wè krim vòl nan komès an detay yo desann nan nivo yo te ye anvan pik yo. Anplis de sa, Vil Nouyòk te wè yon rediksyon plis pase kat pousan nan krim endèks yo ak yon diminisyon 11 pousan nan vòl. Fiziyad nan Vil Nouyòk yo te diminye prèske 20 pousan epi kantite krim yo te diminye a 21 pousan.

**Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Chanm Komès Manhattan lan, Jessica Walker, te deklare,** "Nan kèk mwa ki sot pase yo, anpil biznis nan vitrin yo te di nou yo santi diferans lan e ke Nouyòk te pran yon desizyon nan rediksyon krim ak nan konbat vòl nan komès an detay. Gen plis travay ki pou fèt, men nou rekonesan paske politik lejislatif Gouvènè Hochul sou vòl nan komès an detay ak refòm dekouvèt yo sanble ap mache jan nou te espere a."

**Prezidant ak Direktris Egzekitif Jeneral Konsèy sou Komès an Detay nan Eta Nouyòk la, Melissa O'Connor, te deklare,** "Anons jodi a sou rediksyon vòl nan komès an detay atravè Nouyòk se rezilta yon kolaborasyon fò ak konsistan ant revandè yo, fòs de lòd yo, pwokirè yo, gwoup kominotè yo, ak Gouvènè Hochul. Krim òganize nan komès an detay ak vòl abityèl nan komès an detay pa sèlman reprezante yon pèt finansye pou revandè ki envesti nan Eta a, li se yon pwoblèm sekirite kominotè ki bezwen jere kòmsadwa. Mwen vle remèsye Gouvènè a paske li te koute enkyetid endistri a plizyè mwa de sa, epi sitou, paske li pran mezi efikas. Nou pral kontinye fè patenarya ak tout moun ki gen enterè yo pou asire yon eksperyans acha ki an sekirite epi ki agreyab nan magazen yo atravè Eta Nouyòk."

**Senatè Eta Luis R. Sepúlveda te deklare,** "Mwen felisite Gouvènè Hochul pou mezi ki gen siksè li yo pou konbat vòl òganize nan komès an detay. Envestisman 40 milyon dola a pou konbat vòl òganize nan komès an detay ap pote bon rezilta — ak yon diminisyon plis pase 12 pousan nan vòl nan komès an detay nan Vil Nouyòk epi 5 pousan nan tout Eta a. Lè li ranfòse pwoteksyon pou moun ki travay nan magazen yo, fè moun k ap komèt krim yo rann kont, epi bay 5 milyon dola nan kredi taks pou ede ti biznis yo amelyore sekirite, Gouvènè a ap pwoteje alafwa travayè ak konsomatè pandan l ap retabli konfyans nan ekonomi lokal nou an. Efò sa yo montre ke envestisman estratejik nan sekirite ka fè kominote nou yo vin pi solid pandan y ap pwoteje konsomatè yo tou."

**Manm Asanble Jeffrey Dinowitz te deklare,** "Kit yon moun se pwopriyetè yon biznis, yon moun ki travay nan magazen oswa yon kliyan, tout moun merite eksperyans acha ki an sekirite nan Nouyòk. Biznis yo se poto mitan Nouyòk epi yo bezwen resous ak atansyon ki apwopriye pou yo kontinye pwospere. Envestisman nan plis ajan fòs de lòd, kredi taks pou ti biznis, ak chanjman nan pinisyon kriminèl yo montre yo se yon fason efikas pou diminye vòl nan komès an detay atravè tout Eta a pandan y ap ogmante pwoteksyon pou moun ki travay nan komès an detay yo. Lè li atake pwoblèm sa a ak fòs, Gouvènè Hochul mete sekirite Nouyòkè yo kòm pi gwo priyorite, asire siksè pou nou tout."

Gen yon tandans pozitif nan diminisyon krim nan komès an detay grasa operasyon ki te gen siksè ki te pèmèt demantle yon gwo rezo entènasyonal, ki te aktif depi plizyè ane ki te gen plis pase 2 milyon dola nan machandiz an detay ekip òganize yo te vòlè. Ka a, ke Gouvènè Hochul ak Pwokirè Distrik Queens Melinda Katz te anonse nan fen ane 2024, epi ke Ekip kont Vòl nan Komès an Detay nan Lapolis Eta a te envestige, te gen ladan premye akizasyon ki janm fèt selon lwa sou vòl nan komès an detay ranfòse Nouyòk yo.

Anplis represyon kont vòl òganize nan komès an detay, Gouvènè Hochul kontinye envesti nan pig wo inisyativ sekirite piblik pou kenbe Nouyòkè yo an sekirite, li rezève prèske 3 milya dola nan efò sekirite piblik jiskaprezan.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

ANILE ENSKRIPSYON OU